



## ARCHDIOCESE OF MIAMI

*Office of the Archbishop*

18 me 2020

Frè m ak Sè m yo,

Kòm n ap rekòmanse lamès ak sakreman yo an prezans pèp Bondye a prezan nou rekonèt nou pa kapab elimine tout posib risk akòz epidemi "korona virus" oswa COVID-19. Sepandan, pè pawas yo ak mwen menm pran angajman pou nou diminye risk la otan li posib.

Kòm Legliz, nou kwè pa gen anyen ki ka plas sakreman yo nan lavi nou kom kreyen; epi, sa k gen premye enpòtans pou nou se sèvi kom siy lespwa ak enstriman delivrans tout moun.

Madi, 26 me, pawas yo pral rekòmanse selebre Mès chak jou. (depi 18 me nan pawas nan Monroe yo). Sepandan, yo mande distans moun ak moun apeprè 6 pye separasyon. (eksepte pou manm fanmi nan menm kay); epi fò chak moun k ap asiste lamès sèvi ak yon mask k ap kourvi nen ak bouch yo. Se sèlman lè w a kominye w a retire mask la.

Ti liv chan yo pou swiv mès la, dlo benit, tout bagay sa yo pap rete nan legliz la; apre chak Mès, ap gen yon ekip pou dezenfekte plas yo. "Sanitizers", sa vle di, dezenfektan pou men yo ap disponib nan nan antre ak soti legliz la. Lè n ap apwoche lotèl la pou resevwa lakominyon tanpri kenbe bon distans ant ou menm ak moun ki devan w ak deyè w la.

Aranjman sa yo ap pran kèk tan pou nou abitye ak yo. Kidonk sa mande pou ou prete atansyon ak sila yo ki la pou ede w, oswa lòt moun ki ka ap dirije. Apre Mès, tanpri pa rasanble an group nan legliz la oswa deyò, ale tou dwat lakay ou.

Pandan Mès, tanpri pa kenbe men (tankou pandan lapriyè nan lapriyè Papa nou), oswa nan echanj siy lapè a. Pè a pandan li sou lotèl la p ap mete yon mask; men, li menm ak lòt minis yo ap mete li lè yo ap distribiye lakominyon. (Menmsi ou ka pa dakò sou nesesite pou mete yon mask, mwen ta mande w mete l kanmenm kòm yon jès respè ak charite nou dwe genyen pou pawasyen parèy yo.)

Sosyal distans ap diminiye kantite fidèl legliz la ka pran - petèt sèlman 25-30% dapre gwosè legliz la. Prèt pawas ou a avèk konkou konsèy pastoral la ap planifye kijan pawas ka resevwa fidèl ki vle vin asiste lamès yo – petèt, y a ajoute plis mès nan orè pawas la si sa nesesè, oswa mete kanpe kèk kalite "sistèm rezèvasyon" ka asire tout moun ki vle patisipe kab fè sa.

Pou lè moman, mwen leve obligasyon pou fidèl yo asiste lamès dimanch yo. Se bon jijman ak larezon ki pral dwe gide desizyon ou konsènan kilè ou ta dwe repran ap vini Lamès Dimanch.

Si ou malad oswa ou genyen sentòm grip la, rete lakay ou. Si ou frajil paske ou gen laj oswa ou vilnerab akòz yon kondisyon sante w, oswa w se yon moun k ap okipe moun ki malad, li ta ka rezonab pou ou, pou w rete lakay ou. Si ou pè, rete lakay ou.

Pawasyen "ki dwe rete lakay" ta dwe kontakte biwo pawas la epi fè aranjman pou yo ka visite w lakay yo epi pote sakreman pou yo.

Pa gen yon kote sou late beni kote pa gen risk.. Depi ou travèse lari, gen risk, depi ou soti pou kondi machin ou, gen risk. Nou pa janm ka elimine risk konplètman, men prekosyon pa kapon, Fò nou chache bese risk nan tout sikontanss. Se konsa, lè nou travèse lari, nou ale nan yon pasaj pou pyeton ak gade tou de bò anvan nou travèse; lè nou rantre nan machin nou an, nou asire l ap fonksyon san danje, fren yo travay, elatriye; e lè nou fè yon vire nou itilize siyal vire nou yo.

Viris Korona, COVID-19, te entwodwi nouvo risk nan lavi nou - e toutotan yon vaksen poko disponib , nou pap kapab elimine risk yo nèt, men nou dwe pran prekosyon, eseye bese risk sa yo mezi li posib. Pou rezon sa a, tout peyi yo mete tèt yo lòk, pratike distans sosyal, lave men souvan, ak rete nan kay ki pi bon toujou. "

Sa te gen siksè malgre viris la tap gaye nan bouk yo, li te aplati kantite moun ki ta sipoze anvayi lopital yo ak COVID-19. Sepandan, malgre tou, sa koute nou chè, menm si tout moun pat enfekte men tout moun te afecte. Lavi nou te ranvèse tèt anba: lekòl yo fèmen, rasanbleman publik limite, milyon sou milyon travay pèdi – malgre tout mezi sa yo, anpil milye tonbe malad epi trop moun mouri kanmenm.

Nan Achidyosez Miyami an, nou te sispann mès ak publik yo depi 16 mas. Sepandan, nou pa janm "fèmen": biwo pawas nou rete ouvè, lekòl nou yo, òganizasyon charitat Katolik nou an, sèvis sante Katolik nou an, sant pastoral nou kontinye operasyon yo. Prèt yo kontinye fè pran swen malad, tandem konfesyon, epi yo ofri mès chak jou. Epi, yo t ap ofri lamès ak lòt aktivite sou entènèt. Epi menmsi pè pa te kapab selebre mès ak prezans no unan legliz yo, yo pa janm echwe pou ofri pèp Bondye a yon "sèvis esansyèl": lapriyè yo.

Otorite sivik nou yo toupatou nan Etazini ak nan lòt peyi yo "ouvè" divès kalite jiridiksyon anba kontwòl yo; men, siyantis yo ak pwofesyonèl sante kontinye mete nou sou pinga nou. Nouvo viris Corona a toujou avèk nou – epi, risk kontaminasyon an toujou la. Kòm nou n ap rekòmanse ak lames yo, se bon konprann - kapasite sa pou nou aji ak lòd ak disiplin -epi sèvi ak larezon ki dwe gouvènè aksyon nou tout. Bon jijman pa negosiyab.

Sèvitè ou nan Kris la,

Monsenyè Thomas G. Wenski  
Achevèk Miami an



+Thomas G. Wenski  
Archbishop of Miami